



Si w panse ou menm oswa manm nan fanmi w yo kapab kalifye pou nou resevwa asistans finansyè, kontakte NY State of Health pou w ka jwenn yon moun ki pou ede w aplike :

 Sou entènèt : [nystateofhealth.ny.gov](https://nystateofhealth.ny.gov)

 Nan Telefòn :  
1-855-355-5777 oswa  
TTY: 1-800-662-1220

 Fas-a-fas :  
Èd gratis nan men yon asistan sètifye

NY State of Health konfòme li ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa nan Eta a ki anvigè, epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, sèks, laj, orijin nasional, kwayans oswa reliyion, eta sivil oswa sitiyasyon familyal, kazyé jidisyè, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon genetik, sitiyasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/ oswa vanjans.

## Èske fanmi m ka toujou kalifye pou resevwa asistans finansye menmsi patwon m nan ofri nou yon asirans sante?

### Kouvèti Asirans Sante Fanmi an ap vin pi bon mache

#### Nouvo Règ Kalifikasyon pou Asistans Finansyè atravè NY State of Health

- Apati 1ye janvye 2023, kritè kalifikasyon pou manm fanmi yo resevwa asistans finansyè baze sou si travay yo ofri yo yon kouvèti asirans ki bon mache.
- Nou konsidere yon plan sante familyal kòm yon plan ki "abòdab" si prim lan reprezante mwens pase 9,02 poustan nan revni kay la.
- Si nou konsidere kouvèti fanmi an pa abòdab, manm fanmi yo kapab toujou kalifye pou yo resevwa yon asistans finansyè.
- Sa pa chanje kritè ki pèmèt nou deside si plan anplwaye yo abòdab. Si anplwaye a kapab jwenn yon kouvèti endividiyèl ki abòdab (anplwaye sèlman) atravè travay yo, yo p ap kalifye pou asistans finansye atravè NY State of Health. Sepandan, manm fanmi yo kapab toujou kalifye.

#### Politik sou Kalifikasyon pou Jwenn Asistans Finansyè Anvan 2023

- Jiska 2023, n ap konsidere yon asirans sante kòm "abòdab" sou baz pri kouvèti asirans endividiyèl (anplwaye-sèlman) an.
- Jiska lè sa a, si prim pou yon kouvèti asirans endividiyèl (anplwaye-sèlman) egal ak mwens pase 9,61 poustan nan revni kay anplwaye a, nou konsidere l kòm yon plan asirans ki abòdab. Anplwaye ki ka jwenn yon asirans sante abòdab nan men anplwayè yo pa kalifye pou yo resevwa èd finansyè pou yon plan NY State of Health.
- Si yon anplwaye pa kalifye pou l resevwa èd finansyè atravè NY State of Health dapre règ sa a, manm fanmi anplwaye a pa kalifye tou pou yo resevwa èd finansyè atravè NY State of Health. Sa aplikab menm lè plan sante familyal anplwayè a ofri a koute plis pase 9,61 poustan nan revni kay la.

#### Kisa Ou Ka Fè?

- Sèvi ak zouti pou Kalkile Asistans Finansyè NY State of Health la: <https://info.nystateofhealth.ny.gov/estimate-financial-assistance>
- Zouti sa a bay yon estimasyon pou w wè si ou menm oswa manm fanmi ou yo kalifye pou nou resevwa asistans finansyè. N ap detèmine si w kalifye lè w ap aplike.